


# INFORMATIKANI OQITIWDA ZAMANAGÓY PEDAGOGIKALIQ HÁM INNOVACIYALIQ TEXNOLOGIYALARINAN PAYDALANIW ZARÚRLIGI

**Berdibaeva Dilbar Maqsetovna**
IIM Qaraqalpaq akademiyalıq licey Informatika páni muǵallimi
https://doi.org/10.5281/zenodo.7785425

**ARTICLE INFO**

Qabul qilindi: 20- mart 2023 yil
Ma’qullandi: 25-mart 2023 yil
Nashr qilindi: 30-mart 2023 yil

**KEY WORDS**

*Informatika, úzliksiz tálim, innovaciya, Pedagogik texnologiya, metodlar*

**ABSTRACT**

*Bul maqalada Informatikanı oqıtıwda zamanagóy pedagogikalıq hám innovciyalıq texnologiyalarınan paydalanıw zárúrligi hám áhimiyeti haqqında sóz etiledi.*

2022-2026 jıllarǵa mólsherlengen jańa Ózbekstannıń rawajlanıw strategiyasında úzliksiz tálim sistemasın ele de jetilistiriw jolın dawam etiw, sapalı tálim xızmetleriniń múmkinshiliklerin arttırıw, miynet bazarınıń zamanagóy talaplarına ılayıq joqarı bilimli kadrlardı tayarlaw, ulıwma bilim beriw tarawınıń sapasın arttırıw, talap joqarı bolǵan matematika hám informatika, fizika, ximiya, biologiya h. t. b. anıq hám fundamental pánlerin tereń úyreniw, ilimiy izertlew hám innovaciyalıq islerdi qollap- quwatlaw, ilimiy hám innovaciya jańalıqların ámeliyatqa engiziwdiń effektiv mexanizmlerin jaratıw mashqalaları ayrıqsha atap kórsetilgen.[1]

Úzliksiz tálim sistemasında “Informatika” páni oqıtıwshı tek ǵana pán oqıtıwshı emes, bálki tálimde hám basqarıwda informaciya texnologiyalarınan paydalanıwdıń nátiyjeli shólkemlestiriwshisi bolıp esaplanadı.

Informaciya kóleminiń keskin keńeyip baratırǵanlıǵı oqıwshılar ushın da, pedagoglar ushın da pándi úyreniwde innovciyalıq pedagogikalıq texnologiyalardan paydalanıwdı talap etedi. “Informatika” tálimi processinde hár túrli pedagogikalıq texnologiyalardan paydalanıp, nátiyjeli nátiyjege erisiw ushın oqıtıwshı óziniń pedagogikalıq iskerligin aldınan proektlestiriwi maqsetke muwapıq esaplanadı.[2]

Informatika táliminde zamanagóy pedagogikalıq hám innovciyalıq texnologiyaların qollawda paydalanılatuǵın tálim metodları hám texnologiyaları retinde modullı, mashqalalı tálim, didaktik - oyınlı, sheriklikte oqıtıw hám de dástúriy-traditsiyaǵa tán bolmaǵan tálim texnologiyalarınan, interaktiv oqıtıw metodlarınan, informaciya kommunikatsiya texnologiyaları qurallarınan, multimedialı texnologiyalarınan paydalanıw, usınıń menen birge oqıwshılardı kishi gruppalarda oqıtıwdı, olardıń dóretiwshilik izertlewlerin shólkemlestiriwdi, erkin pikirlew uqıplılĺgın asırıwǵa qaratılǵan usıllarınan paydalanıw zárúrli áhmiyetke iye boladı.

Tálimdi texnologiyalastırıw - bul pedagogika pániniń baǵdarı esaplanıp, izertlewshi hám nizamlıqlardı ashıp beretuǵın, tálim procesine texnologiyalıq jantasıw tiykarında tálim maqsetlerine nátiyjeli erisiwdiń optimal jolları hám quralları bolıp tabıladı. Pedagogika teoriyası hám ámeliyatında tálim-tárbiya processinde kóplegen jantasıwlar bar. Úzliksiz tálim sistemasında payda bolıp atırǵan pedagogikalıq processlerdiń nátiyjeliligin támiyinlew texnologiyalarınıń xarakteri áne sol jantasıwlardan kelip shıǵadı.

Búgingi kúnde tálim texnologiyaların shártli túrde eki túrge ajıratıw múmkin: 1. Dástúriy hám 2. Dástúriy emes. [5]

Ulıwma bilim beriw mekteplerinde "Informatika" pánin oqıtıwda innovciyalıq texnologiyalarınan ónimli paydalanıw ushın oqıtıwshı :

-pánniń anıq materialların oqıtıw daǵı maqset hám wazıypaların, tálim nátiyjelerine bolǵan zamanagóy talaptı keń analiz etiwi;

- joybarlastırılıp atırǵan tálim nátiyjelerine erisiwge múmkinshilik jaratatuǵın oqıw iskerligi formaların tuwrı tańlawı ;

-joybarlastırılıp atırǵan tálim nátiyjelerine erisiwge xızmet etetuǵın informacion-kommunikaciya texnologiyaları qurallarıń, elektron resursların tańlap alıwı zárúr.

Innovatsiyalar teoriyalıq tárepten tiykarlanǵan, qandayda bir-bir tarawda anıq maqsetke qaratılǵan hám de ámeliy qollanıwǵa baǵdarlanǵan joqarı nátiyjelililikke iye jańalıq esaplanadı. Innovatsiyanıń ayriqsha ózgesheligi onı tómendegiler menen baylanıstıradı:

- innovatsiyalar mudami aktual mashqalanıń jańa sheshimin óz ishine aladı ;

-olardan paydalanıw jańa sapalı nátiyjelerdi alıw imkaniyatın beredi;

-tálim processinde innovatsiyalardı qollanıw tálim sistemasındaǵı barlıq komponentlerdiń sapalı ózgerislerine alıp keledi. [4]

Juwmaqlap aytatuǵın bolsaq, innovasion texnologiyalar tiykarında islengen hár bir sabaq oqıwshılardıń ilimiy-iskerligin aktivlestiredi, olardıń bilim alıw aktivligin xoshametlentiredi. Oqıtıwshı menen sheriklikte oqıwshılar ózleri ushın jańa bilimlerdi aladı, baylanıslı pánlerdiń teoriyalıq hám ámeliy tiykarların iyeleydi.

## Paydalanılǵan ádebiyatlar:

1. 2022-2026 jıllarǵa mólshellengen Jańa Ózbekistannıń rawajlanıw strategiyası
2. N.A.Kayumova. Informatikani o'qitish texnologiyalari va loyihalashtirish. O'quv qo'llanma. T.: 2019.
3. A. Parpiyev, A. Maraximov, R. Sırlasov, Ol. Begimqulov, M. Bekmuradov, N. Taylokov. Jańa informaciya texnologiyaları. T.: 2008
4. Daniyarov B. Xalq, ta'limi tizimida pedagogik innovatsiyalar. 2014. https://cyberleninka.ru/article/n/hal-talimi-tizimida-pedagogik-innovatsiyalar
5. Akademik S.S.G`ulomov umumiy rahbarligi ostida O`quv jarayonida ilg`or pedagogik va axborot texnologiyalarini qo`llash yo`llari.Uslubiy qo`llanma.T. 2005.
6. I. Isoqov, S. Qulmamatov. "Informatikani o'qitishda innovatsion texnologiyalar". Ma'ruza matnlari.